



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ PILÒT REYISI REZO SEKIRITE PIBLIK
FIRSTNET POU AMELYORE PREPARASYON OPERASYONÈL AK REPONS IJANS
NEW YORK**

***Pwojè pilòt pou teste kapasite platfòm kominikasyon devwe sou sekirite piblik
pou founi kominikasyon fyab ak modèn nan kad pwojè pilòt teknoloji rezo san fil
LTE Otorite Enèji New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon kolaborasyon reyisi ant Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak AT&T pou pwojè pilòt [FirstNet](#), konstwi avèk AT&T, nan kad pwojè pilòt teknoloji prive san fil alontèm (Long Term Evolution, LTE) NYPA. FirstNet se sèl platfòm kominikasyon nasyonal, wo debi rapid ki devwe pou premye entèvenan Ameriken yo ak kominote sekirite piblik elaji a. Pwojè NYPA a vize konstwi yon rezo LTE sekirize, solid ak fyab epi amelyore kapasite preparasyon, operasyonèl ak pwogramatik sèvis piblik nan tout Eta a. Kòm yon òganizasyon ke yo ta ka rele pou ede sipòte sekirite piblik New York nan operasyon chak jou yo ak pandan repons ijans, NYPA ap evalye kapasite FirstNet pou ekipe anplwaye li yo avèk nouvo kapasite ak aksè fyab nan enfòmasyon enpòtan pandan li sou teren, sa ki pèmèt yo pi byen sèvi Eta New York ak fè avanse objektif rezistans sistèm enèji New York la.

"Nan pran inisyativ pou modènize sistèm repons ijans nou yo, New York ap trase wout la nan inovasyon nan pwofite teknoloji ki nouvo ak egziste tankou FirstNet", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwogram pilòt sa pral ede asire ke sistèm elektrik nou yo pare pou satisfè difikilte nan fyabilite enèji demen. Mwen fyè pou nouvo patenarya sa a pandan n ap devlope yon sistèm repons ijans ki nouvo ak modèn".

FirstNet ap konstwi avèk AT&T nan patenarya piblik-prive avèk First Responder Network Authority (FirstNet Authority), yon ajans endepandan nan gouvènman federal la. FirstNet fèt pou rezoud [difikilte kominikasyon alontèm](#) ke kominote sekirite piblik la fè fas, sa k ap pèmèt premye entèvenan yo kominike youn ak lòt pandan sitiyasyon chak jou yo, gwo evènman oswa ijans.

Prezidan Amy Kramer, AT&T New York te deklare, "Nan AT&T, nou angaje pou nou ede kliyan yo jwenn solisyon koneksyon ki rantab ak amelyore epi kontan dèske nou te teste FirstNet avèk siksè pou pwojè teknoloji rezo san fil LTE prive NYPA a. Avèk FirstNet, NYPA te devwe toutbon kouvèti ak kapasite lè yo bezwen li, sa gen ladan avantaj inik tankou priyorite pèmanan. Anplis de sa, platfòm komen ak entè-konekte a

pèmèt NYPA kowòdone repons ijans yo yon fason efikas atravè ajans ak jiridiksyon yo nan Eta New York".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare, "Sekirite enèjetik ak kominikasyon mache men nan men, kidonk, nou menm nan NYPA, nou kontan pou nou pwofite eksperyans nan sèvis piblik nou ansanm ak ekspètiz AT&T pou inisyativ pilòt kominikasyon ijans enpòtan sa a. Objektif final pwojè sa se pou amelyore kapasite operasyonèl ak pwogramatik NYPA epi pwofite tout benefis inovasyon k ap evolye yo nan teknoloji san fil nan avantaj tout Nouyòkè yo".

Pwojè pilòt la te fèt nan kad pwojè alimantasyon atravè ponp Blenheim-Gilbo NYPA a. Li chita sou siksè presedan NYPA pou pilote kapasite rezo san fil LTE prive [ki te anonse ane pase a](#).

Pwogram pilòt rezo san fil LTE a sible pou konplete plizyè inisyativ enpòtan NYPA sa gen ladan [poto mitan kominikasyon](#) solid li a ak [pwogram deplwaman kaptè](#) yo. Pwogram poto mitan kominikasyon 153 milyon dola a vize ranplase sikwi pwen-a-pwen NYPA ki egziste a pou jere plis sikilasyon done apati deplwaman kaptè entelijan yo. Depi 2017, NYPA t ap travay pou enstale aparèy kaptè dènye kri yo pou kontwole sante transmisyon li ak resous jenerasyon li ak pou aktive kapasite Sant Operasyon Entèlijan Entegre (iSOC) li.

Anplis de teste kominikasyon yo nan rezo FirstNet la, NYPA te teste anvan sa aplikasyon yo apati espèk sou-gig (sub-gig) Bann 8 (Anterix) ak Bann 71 (Omega Wireless) avèk Nokia. NYPA ap teste tou espèk anplis Bann 8, Bann 48 (CBRS) ak Bann 53 (GlobalStar) nan laboratwa LTE li a nan White Plains.

Pwojè a sipòte tou objektif nimerizasyon ki se youn nan poto fondamantal [Plan VISION2030 NYPA](#).

Senatè Kevin Parker, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekominikasyon, te deklare, "Nan yon epòk kote gen plis modèl move tan danje ak lòt menas potansyèl pou sekirite enèjetik nou, li gratifyan pou nou wè Eta New York ak Otorite Enèji New York, avèk AT&T, pran mezi pwoaktif pou ranfòse enèji New York ak sistèm kominikasyon ak repons ijans yo".

Manm Asanble Michael Cusick, Prezidan Komite sou Enèji, te deklare, "Pandan n ap travay pou nou amelyore rezo nou an, li enpòtan pou nou asire nou gen enfrastrikti enèjetik ak kominikasyon ki pi fyab ak solid popsib pou premye entèvenan nou yo. Nou konte anpil sou premye entèvenan nou yo nan gwo ak ti sitiyasyon ijans epi nou gen yon responsabilite pou nou asire yo gen zouti ak resous yo bezwen pou fè travay yo yon fason ki efikas. Pwojè pilòt FirstNet la pral sèvi kòm yon modèl pou Eta nou an ak tout peyi a nan fason pou nou asire enfrastrikti kominikasyon fyab pou premye entèvenan nou yo".

FirstNet ak logo FirstNet yo se mak komèsyal anrejistre ak mak sèvis First Responder Network Authority. Tout lòt mak yo se pwopriyete pwopriyete respektif yo.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finance operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov ak renmen nou sou [Twitter @NYPAenergy](https://twitter.com/NYPAenergy), [Facebook](https://www.facebook.com/NYPAenergy), [Instagram](https://www.instagram.com/NYPAenergy), [Tumblr](https://www.tumblr.com/NYPAenergy) ak [LinkedIn](https://www.linkedin.com/company/NYPAenergy).

Konsènan AT&T Communications

Nou ede fanmi, zanmi ak vwazen yo pou konekte nan fason ki itil chak jou. Depi nan premye apèl telefonik 140+ ane pase rive nan difizyon videyo mobil, nou menm nan @ATT n ap inove pou amelyore lavi. AT&T Communications fè pati AT&T Inc. ([NYSE:T](https://www.nyse.com/quote/NYSE:T)). Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite nou nan att.com.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418